



BON JAN LEKÒL... BON JAN KOMINOTE.

REFERANDÒM 1 MILL DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

Vòt novanm 2018 la mande kominote a pou li kontinye finanse 650 pwofesè Boza, Mizik, P.E. (Egzèsis), ak pwofesè Chwa ak Karyè epi mande finansman adisyonèl pou:

- Anplwaye plis Polis Lekòl
- Achte plis ekipman sekirite pou bay lekòl yo plis sekirite
- Bay plis pwofesyonèl pou sante mantal nan tout lekòl yo,
- Amelyore salè pou ede kenbe pwofesè ki gen anpil eksperyans yo.



Editorial: Ou pa renmen ogmante taks lekòl? Blame Kò lejislatif Florid la

OPINYON Dapre Komite Dirijan Editorial Palm Beach Post Poste: 8:27 a.m. dimanch 15 jiyè 2018

Nenpòt sitwayen ki pa kontan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ap mande votè pou apwouve yon ogmantasyon taks sou pwopriyete ta dwe pote bay Kò lejislatif Florid la.

Paske moun k ap fè lwa yo – an patikilye, Biwo Repibliken yo – te lanse ideyoloji anti-taks yo a, nan yon ekstrèm. Non sèlman yo te refize monte taks sou sa nou t ap Jenezman rele prensip, yo te refize tou pèmèt distri lekòl yo nan eta a pou takse pwopriyete nan menm nivo, to ki deja la a tandiske valè imobilye yo te ogmante depi Gwo Resesyon an. Dapre lojik alanvè solons an, ogmantasyon nan antrè yo kapab konstitye yon "ogmantasyon taks" ki detestab.

Konsa, malgre Rejyon Palm Beach te vin pi pwospè epi valè imobilye te vin ogmante, lekòl piblik li yo tounen mandyan. Pandan twazan afle, lejislati a retounen to milyaj pou lekòl yo, de \$5.003 nan ane fiskal 2016 la a \$4.078 pou ane fiskal 2019 la. (Pa \$1,000 sou kalkil valè yo.)

Kòm rezilta, pèsònèl hewoyik ki responsab pou rediksyon taks Tallahassee yo te fasilite yon pwopriyete ki posede yon imobilye ki vo \$300,000 yon epay \$277 pou ane fiskal 2019 la. Men yo koz Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pat resevwa \$178 milyon dola.

Note rediksyon sa yo pat andikape vil ak rejyon yo menm jan an. Semèn pase sèlman, komisyonè Rejyon Palm Beach yo te egzèse dwa yo pou kenbe to taks sou pwopriyete rejyon an jan l ye a – sa distri lekòl la menm pa kapab fè. Kounye a gouvènman rejyon an ap espere kolekte \$52 milyon dola akòz valè imobilye ki ogmante.

Sa a plis pase pwoblèm Rejyon Palm Beach sèlman. Nan tout eta a, finansman pou edikasyon nan Florid, soti nan jadenanf an jiska 12yèm ane te chite de kòm sikòm sa pou vin pi mal. Depi an 2006, Florid te klase 36yèm pami eta yo nan depans pou chak elèv. Kounye a nou desann nan 44yèm (sa se pou ane fiskal 2016, dènye enfòmasyon ki disponib).



Kisa yon miyaj ye?

"Mill Levy" a se "to taks" yo aplike sou valè yo estime yon pwopriyete genyen. Yon "mill" se yon dola pou chak \$1,000 yo evalye. "Mill levy" se to taks sou pwopriyete gouvènman lokal yo. ak lòt jiridiksyon Mill evalye pou ogmante revni ki kolekte pou kapab kouvri depans anyèl.



Sa k ap pase ak lajan lotri a?

Majorite fon ki soti nan lotri Florid ale pou bousdetid Bright Futures pou elèv douzyèm ane k ap gradye ak edikasyon siperyè. Distri a resevwa ase lajan lotri chak ane pou peye jis pou depans fonksyonman pou de (2) jou.



Finansman

Pou ane 2018-2019 la Kò lejislatif eta a te ogmante fon pou edikasyon debaz yo sèlman \$0.47 pa elèv.

Kisa nou bezwen?

Distri a pran angajman pou l mete yon polis kalifye nan chak lekòl. Epitou y ap itilize fon ki soti nan mill la pou bay polis ak Lekòl ekipman sekirite ki pi resan yo

Devlopman

Konseye adisyonèl sante mantal ak akademik pral sipòte devlopman sosyal ak emosyonèl elèv yo.

Rannman

Lè lekòl yo amelyore salè pwofesè ki genyen anpil eksperyans yo, y ap kapab amelyore rannman akademik epi kenbe meyè pwofesè yo. Elèv yo benefisye dirèkteman lè yo genyen yon pwofesè ki genyen anpil eksperyans nan klas yo.



Reponn ak bezwen ki pa satisfè

Daprè Komite Dirijan Editoryal Palm Beach Post Poste: 4:27 a.m. dimanch 15 jiyè 2015

Yo pa peye pwofesè yo byen ditou. Nan dola ajiste ak enflasyon, salè mwayèn nan eta Florid bese 5.5 pousan soti 2010 rive 2016, dapre gwoup rechèch Education Resource Strategies. Non sèlman genyen yon diferans \$8,387 anmwens nan salè pwofesè nan eta Florid pase salè mwayèn nan tout nasyon an ki se \$57,379, li 14 pousan piba pase kantite lajan yon fanmi bezwen pou viv.

Demann pou ogmante sekirite nan lekòl te ogmante depi lè anpil san te koule nan lekòl segondè Marjory Douglas Stoneman — men distri lekòl nou an manke lajan li bezwen an pou konfòme li ak nouvo lwa eta a ki mande pou omwen gen yon gad ki ame nan chak lekòl. Li pa posib ankò pou l plase omwen yon pwofesyonèl pou sante mantal nan chak lekòl; yon enperatif ki deplizanpli flagran.

Tou senpleman, distri lekòl la pa kapab fè bagay enpòtan sa yo — ranfòse fòs polis li, anplwaye konseye sante mantal ak sikològ, peye pwofesè yo yon salè respektab — San pa gen plis lajan. Lajan sa a p ap soti nan men yon leta ki gen men sere (men lou). Yo pa kapab pran lajan an nan yon bidjè tèlman kwense; pa gen ase kòb pou sa. Se nan kominote a pou lajan sa a soti.

Se pou sa Komite Editoryal Palm Beach Post la pral sipòte komite dirijan lekòl la si li deside mèkredi, jan yo prevwa a, pou avanse avèk yon pwopozisyon pou ogmante \$1 taks sou chak \$1,000 valè yon pwopriyete. Si votè yo apwouve l an novanm, mezi a ap kolekte \$200 milyon dola pa ane.

Tan an pa favorab, lè w konsidere votè yo, dezan pase, te apwouve yon taks yon santim sou lavant la pou finansè gwo pwojè pou lekòl yo, vil ak gouvènman rejyon an. Lajan sa a se te pou bilding, machin, teknoloji, ekipman ak enfrastruktir — se pa t pou salè oswa pou peye estaf, g.

Ki diferans li genyen ak taks yon santim sou lavant votè yo te apwouve an 2016 la?

Distri lekòl la resevwa mwatye nan taks sou lavant votè yo te apwouve an novanm 2016 la pou gwo bezwen enfrastruktir gouvènman lokal yo genyen. Taks sou lavant yo ramase a kapab itilize sèlman pou reparasyon lekòl, renovasyon, teknoloji nan klas, enfrastruktir IT, bis lekòl ak machin ki itilize kòm sipò. Dapre lalwa, yo pa kapab itilize taks sou lavant la pou salè pwofesè oswa pou lòt kalite fonksyonman.



Daprè Komite Dirijan Editoryal Palm Beach Post

Poste: 8:27 a.m. dimanch 15 jiyè 2015



Taks sa a ta ranplase yon taks 25 santim (pou chak \$1,000) ki ta peye pou 650 pwofesè nan domèn boza, mizik, edikasyon fizik ak pwogram chwa. Taks sa a te pase an 2010 ak 66 pousan nan votè yo; renouvèlman an te pase an 2014 ak yon pousantaj debòdan 70 pousan.

Si votè yo dakò lajan sa a te byen depanse, epi apwouve \$1 (pou chak \$1,000) an novanm, y ap kontinye di "wi" a \$50 milyon pa ane, pou katran, pou kenbe 650 pwofesè elektif sa yo epi anplwaye plis toujou.

Yo pral di "wi" pou \$50 milyon pou ofisye adisyonèl ak konseye pou sante mantal distri a bezwen pou sèvi nan tout lekòl yo.

Epi, yo pral di "wi" pou \$100 milyon pou salè sipleman pwofesè; enstriktè yo ap resevwa \$1,000 a \$10,000 ekstra pa ane, toudepan konbyen ane yo gen nan travay la.

Se pa twòp n ap mande. N ap sèlman mande pou yo restore yon asèt ideyal yon gouvènman eta k ap suiv yon idewoloji te retire nan men nou.

Komite dirijan lekòl la gen responsablite pou pote fado sa a, wi, andepi kritik sa pwovoke paske n ap mande moun pou foure men fon nan pòch yo pou edikasyon.

Nou kwè votè yo pral wè li nan pwòp enterè yo pou asire lekòl piblik nou yo jwenn ase finans pou atire ak kenbe bon pwofesè — epi sa ki pi enpòtan, pou kenbe timoun nou yo an sekirite.

Kijan yo pral depanse lajan an?

Revni taks la rapòte a pral itilize pou bezwen kritik sa yo

Pwofesyonèl:

1. Kontinye peye plis pase 650 pwofesè boza, mizik, edikasyon fizik ak pwofesè edikasyon karyè. Nan taks 1.0 mill levy a, 0.25 mill oswa \$50 milyon dola pral kontinye ale nan fon pou peye pou pozisyon pwofesè sa yo epi etann pwogram chwa espesyalizasyon Distri a
2. Envesti 0.25 mill oswa apeprè \$50 milyon dola pou amelyore sekirite nan lekòl gras ak enmenman ogmante mezi sekirite ak sèvis sante mantal elèv lè nou ogmante kantite ofisye polis ak pwofesyonèl sante mantal nan tout lekòl Distri a responsab.
3. Envesti 0.50 mill oswa apeprè \$100 milyon dola pou kenbe pwofesè ki genyen eksperyans nan klas yo lè mou amelyore salè up gras ak sipleman pou kenbe pwofesè yo.



WWW.StrongSchoolsPBC.COM

Pou enfòmasyon sèlman, Lekòl Rejyon Palm Beach



BON JAN LEKÒL... BON JAN KOMINOTE.

REFERANDOM 1 MILL DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH



OGMANTE SEKIRITE LEKÒL

Sipòte yon polis sètifye nan chak lekòl pandan tout ane a.

Anplwaye plis polis epi achte ekipman adisyonèl pou sekirite pou youn nan Fòs Polis Lekòl ki pi gran nan peyi a.

Anplwaye plis pwofesyonèl nan sante mantal – konseye akademik lekòl, travayè sosyal ak sikològ – pou sipòte byennèt sosyal ak emosyonèl elèv yo.

KENBE PWOGRAM MIZIK AK BOZA

Kontinye finanse plis pase 650 pwofesè Boza, Mizik, Edikasyon Fizik, Sante, pwofesè Edikasyon Chwa ak Karyè.

OGMANTE SALÈ PWOSESÈ

Mete pwofesè eksperyans ki konpetan epi trè kalifye ki gen yon sipleman pou retansyon ki baze sou kantite ane eksperyans yo genyen.

- 1 a 4 ane eksperyans
 - \$1,000 sipleman anyèl pou retansyon
- 5 a 9 ane eksperyans
 - \$5,000 sipleman anyèl pou retansyon
- 10 ane eksperyans oswa plis
 - \$10,000 sipleman anyèl pou retansyon

Si votè yo apwouve l, sipleman sa yo ap efektif pou 4 an (AF 19 jiska AF23) kòmanse nan mwa out 2019.

Yon lòt eleksyon ap obligatwa an 2022 pou pwolonje l pou yon lòt katran.

Kontrèman ak bonis eta a, sipleman retansyon yo ap konte pou benefis pou salè ak pansyon Sistem Retrèt Florid la.

Lekòl Rejyon Palm Beach



Yon Distri Lekòl Florid ki klase nan nivo siperyè A



Klase kòm pi gwo distri iben nan Florid



Klase kòm pi gwo distri iben nan Florid - Depase lòt gwo distri iben Florid nan matematik, syans ak syans sosyal

WWW.StrongSchoolsPBC.COM

Pou enfòmasyon sèlman. Lekòl nan Rejyon Palm Beach



BON JAN LEKÒL... BON JAN KOMINOTE.

REFERANDÒM 1 MILL DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH



KESYON LEKÒL NAN TOUT REJYON AN

Èske Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach dwe genyen otorite pou li enpoze yon taks \$1.00 sou chak mil dola valè taksab yon pwopriyete l ap dedye pou bezwen operasyonèl lekòl nan Distri a ki pa semi-prive yo pou li peye pou ekipman sekirite, anplwaye ofisye polis lekòl adisyonèl ak pwofesyonèl sante mantal, envesti nan boza, mizik, edikasyon fizik, pwofesè karyè ak pwogram espesyalizasyon, epi ogmante salè pwofesè apati lye jiyè 2019 epi k ap fini otomatikman nan dat 30 jen 2023, anba sipèvizyon komite endepandan ki konpoze ak sitwayen ak ekspè?

KLASE KÒM PI GWO DISTRI IBEN NAN FLORID

DISTRI LEKÒL REJYON
PALM BEACH LA KLASE NIVO 'A'

LÈ YO KONPARE L AK LÒT GWO DISTRI NAN FLORID, DISTRI A DEMONTRE YON PÈFÒMANS TOTAL SIPERYÈ NAN 4 SOU 11 ELEMAN KI ENKLI

- ✓ RANMAN NAN MATEMATIK
- ✓ RANMAN NAN SYANS
- ✓ PWOGRE NAN MATEMATIK POU TOUT ELÈV
- ✓ TO GRADYASYON NAN LEKÒL SEGONDÈ

PI GWO TO GRADYASYON PAMI GWO DISTRI IBEN FLORID YO

TO GRADYASYON 90% LEKÒL KI SOU KONTWÒL DISTRI A POU ANE 2017-2017



REDUI DIFERANS NAN NIVO RANMAN ELÈV YO	
TO GRADYASYON ELÈV NWA	79.1% ↑ 5.4%
TO GRADYASYON ELÈV PANYÒL	82.9% ↑ 3.4%
TO GRADYASYON ELÈV BLAN	90.9% ↑ 0.2%

PWOGRAM ESPESYALIZASYON AK KARYÈ PRIME KI GEN PLIS ELÈV KI RESEVWA SÈTIFIKA NAN ENDISTRI PASE NENPÒT GWO DISTRI IBEN NAN FLORID

SÈTIFIKA NAN ENDISTRI (IC)	
PRAN EGZAMEN IC	17,617
PASE EGZAMEN IC	13,185
TO ELÈV KI PASE IC	75%



Yon lidè nan meyè pratik bidjè ak rapò gouvènman:

Chak ane Distri a resevwa anpil prim pou pratik finansyèl li, enkli Prim pou Ekselans nan reprezantasyon Rapò Finansyèl pou Asosyasyon Finans Piblik Award of Financial Reporting Achievement from the Government Finance Officers Association (2004-17), Sètifika Ekselans nan Rapò Finansyèl nan Asosyasyon Biznis Lekòl Entènasyonal, Prim pou Ekselans pou prezantasyon bidjè (2004-17), Sètifika Ekselans nan rapò finansyèl, Prim pou Asosyasyon Finans Piblik pou meyè pratik nan Bidjè Lekòl pou ane 2017-2018 ak Prim pou Ekselans Asosyasyon Lekòl Biznis pou preparasyon ak piblikasyon bidjè pou egzèsis 2017-2018 . Yo konsidere tout prim yo nan finans lekòl.

WWW.StrongSchoolsPBC.COM

Pou enfòmasyon sèlman. Lekòl nan Rejyon Palm Beach



Konbyen kòb yo pral peye pwofesè yo?

Y ap baze sou kantite ane eksperyans pwofesè yo pou yo peye yo sipleman anyèl pou retansyon an tankou lis anba a:

- \$1,000 Retansyon Sipleman - Pwofesè apentan ki genyen 1 a 4 ane eksperyans
- \$5,000 Retansyon Sipleman - Pwofesè apentan ki gen 5 a 9 ane eksperyans
- 10,000 Retansyon Sipleman - Pwofesè apentan ki gen 10 ane eksperyans oswa plis

Diferamman ak anpil pwogram bonis leta, Retansyon sipleman sa yo ap konte pami benefis Sistèm Retrèt Pwofesè eta Florid (FRS) la, epi y ap peye pwofesè a lajan an chak de semèn akote salè regilye li genyen an.



Kilè eleksyon an ap fèt?

Votè yo pral jwenn kesyon an anba paj bilten 6 novanm nan. Pou reklame yon bilten vòt pa lapòs, rele youn nan biwo Sipèvizè Eleksyon yo nan (561) 656-6200.



Sa k ap pase ak lajan lotri a?

Majorite fon ki soti nan lotri Florid ale pou bousdetid Bright Futures pou elèv douzyèm ane k ap gradye ak edikasyon siperyè. Distri a resevwa ase lajan lotri chak ane pou peye jis pou depans fonksyonman pou de (2) jou.



Èske lekòl Semi Piblik yo pral resevwa yon pòsyon nan lajan sa a?


Non, lajan yo ranmase nan taks la ap dispoze sèlman pou lekòl piblik tradisyonèl ki pa lekòl semi piblik k ap fonksyone nan distri a.

JOU ELEKSYON 6 NOVANM



WWW.StrongSchoolsPBC.COM

Pou enfòmasyon sèlman. Lekòl nan Rejyon Palm Beach



BON JAN LEKÒL... BON JAN KOMINOTE.....

REFERANDÒM 1 MILL DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH LA PWOPOZE A



KESYON LEKÒL NAN TOUT REJYON AN

Èske Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach dwe genyen otorite pou li enpoze yon taks \$1.00 sou chak mil dola valè taksab yon pwopriyete l ap dedye pou bezwen operasyonèl lekòl nan Distri a ki pa semi-prive yo pou li peye pou ekipman sekirite, anplwaye ofisye polis lekòl adisyonèl ak pwofesyonèl sante mantal, investi nan boza, mizik, edikasyon fizik, pwofesè karyè ak pwogram espesyalizasyon, epi ogmante salè pwofesè apati lye jiyè 2019 epi k ap fini otomatikman nan dat 30 jen 2023, anba sipèvizyon komite endepandan ki konpoze ak sitwayen ak ekspè?



Kisa nou bezwen?

Amelyore sekirite nan lekòl. Distri a pran angajman pou l mete yon polis kalifye nan chak lekòl. Epitou y ap itilize fon ki sot nan mill la pou bay polis ak Lekòl ekipman sekirite ki pi resan yo.

Anplwaye plis konseye akademik ak pwofesyonèl sante mantal. Timoun kominote a ap grandi nan yon epòk k ap chanje rapidman epi ki konplèks. Pral genyen plis konseye sante mantal ak konseye akademik pou sipòte devlopman sosyal ak emosyonèl elèv yo.

Ogmante salè pwofesè. Lè Distri a bay pwofesè konpansasyon ki baze sou pèfòmans yo nan Distri a, lekòl yo ap kapab amelyore rannman akademik yo epi konsève meyè pwofesè yo. Elèv yo ap benefisye dirèkteman lèfèt yo genyen yon pwofesè eksperimante nan klas yo.

Kenbe pwogram mizik ak boza. Kontinye finanse plis pase 650 pwofesè Boza, Mizik, Edikasyon Fizik, Sante, pwofesè Edikasyon Chwa ak Karyè.

Fè sèten pa gen okenn rediksyon ki fèt nan nivo pèsonèl anseyan ki anplas la



Kijan lajan an ap depanse?

- Kontinye finanse plis pase 650 pwofesè Boza, Mizik, Edikasyon Fizik, Sante, pwofesè Edikasyon Chwa ak Karyè.
- Anplwaye plis polis epi achte ekipman adisyonèl pou sekirite
- Anplwaye plis pwofesyonèl nan sante mantal, konseye akademik, travayè sosyal ak sikològ
- Kenbe nivo kò anseyan aktyèl la
- Amelyore salè pwofesè pou pwofesè ki kalifye yo



Responsablite Moun k ap Peye Taks yo

Gen yon Komite Revizyon Endepandan pou Referandòm nan ki gen sitwayen ak ekspè k ap kontinye sipèvize chak dola ki ramase epi ki depanse....

Si votè yo apwouve l, taks sa a ap otomatikman fini aprè katran.